Научная статья
УДК 811.352.3
DOI: 10.31007/2306-5826-2023-1-56-56-63

# ЛЪАБЖЬЭУЖЬХЭУ *-КI, -ЖЬЭ*-ХЭМКIЭ ЛЪАБЖЬЭПЭНШЭУ КЪЭХЪУА ЛЭЖЬЫГЪЭЦIЭ ЛЪАБЖЬЭХЭМ ЩЕКIУЭКI АБЛАУТ ЛIЭУЖЬЫГЪУЭХЭР

***Дзыгъуанэ Ритэ Хьэбалэ ипхъу***

Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институт – Федеральнэ къэрал бюджет щIэныгъэ IуэхущIапIэ «Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центр» Федеральнэ щIэныгъэ центрым» и филиал, Налшык къалэ, Урысей. dzug.rita@yandex.ru, https://orcid.org/0000-0003-0684-7600

© Дзыгъуанэ Р.Хь., 2023

***Аннотацэ***. Лъабжьэпэншэу лъабжьэужь зыбжанэм лэжьыгъэцIэ куэд адыгэбзэм къыхагъэхъукI. Мы лэжьыгъэм и мурадыр абыхэм ящыщу лъабжьэужьхэу ***-кI***-мрэ ***-жьэ***-мрэ къагъэхъу лэжьыгъэцIэ лъабжьэхэм щекIуэкI аблаут лIэужьыгъуэхэмрэ, ахэм адыгэбзэм щагъэзащIэ къалэн нэхъыщхьэхэмрэ дыщытепсэлъыхьынырщ. Зи гугъу тщIы лъабжьэужьхэм зэгъусэу дакIэлъыплъыныр къыхэкIащ, япэрауэ, абыхэм къагъэхъу лэжьыгъэцIэхэм я лъабжьэм зы аблаут ***ы:э*** лIэужьыгъуэр зэрыщекIуэкIым имызакъуэу, ахэр тхыдэ ильэныкъуэкIи, грамматикэ ильэныкъуэкIи, мыхьэнэ гуэрхэмкIи зэрызэгъунэгъум. ДызыкIэлъыплъ лъабжьэужьхэр пычыгъуэ закъуэ ***–кIы-,-жьэ-*** лэжьыгъэцIэ лъабжьэ епхахэм къатекIащ. Ахэр лэжьыгъэцIэ лъэIэсхэми лъэмыIэсхэми къыщокIуэ. А щIыкIэм тету къэхъуа гъэпсыкIэ зэхэлъ зиIэ лэжьыгъэцIэхэм псоми объект мыблагъэм и щхьэр къахохъуэри, ар зыгъэлъагъуэ лъабжьэпэ ***йэ-(е)***-р къапоувэ. Лъабжьэужь ***-кI***-р зыхыхьэ лэжьыгъэцIэхэм зыгъэзэж категорэм и преверб ***зэ***- щапыувэ щыIэщ. Лъабжьэужь ***–жьэ***-мкIэ лъабжьэпэншэу къэхъуа лэжьыгъэцIэхэм язэхуэдэныгъэ категорием и аффикс ***зэры-*** къащыпыуви урохьэлIэ. Апхуэдэхэм деж лэжьыгъэцIэм зы щхьэ фIэкIа имыIэу къокIуэ, ари куэд бжыгъэм иту. Ди къэхутэныгъэмкIэ наIуэ къэтщIащ: зэпкърытх лэжьыгъэцIэ гупым лъабжьэпэншэу лэжьыгъэцIэ къэзыгъэхъу лъабжьэужь – ***кI***-м лэжьыгъэр щекIуэкI лъэныкъуэхэу: *и бгъумкIэ, и щIыбагъымкIэ, и хъуреягъкIэ, екIуэкIыу* лъэныкъуэхэр зэригъэнаIуэр. Лъабжьэужь ***-жьэ***-м лэжьыгъэр *япэкIэ кIуэн, лэжьыгъэм щIидзэн* мыхьэнэ къызэригъэлъагъуэр. ДызыкIэлъыплъ лэжьыгъэцIэ гупым лэжьыгъэр здэгъэзар ягъэнаIуэу лъэныкъуэ зыгъэлъагъуэ преверб ***къ-, нэ***-хэр къащыпыувэ щыIэщ. Ахэр зыхыхьэ лэжьыгъэцIэхэм я гъэпсыкIэм зихъуэжкъым. Зи гугъу тщIы лъабжьэужьхэр поувэ зи лъабжьэ кIэухыр макъзешэ ***э***-кIэ иухыу къакIуэ псалъэхэми, апхуэдэу макъзешэ ***ы***-кIэ иуххэми. ПсалъэщI лэжьыгъэцIэ лъабжьэужь ***–кI***-мрэ ***-жьэ***-мрэ зыхыхьэхэм я лъабжьэ кIэухым зы ***ы:э*** аблаут лIэужьыгъуэщ сыт щыгъуи щекIуэкIыр. Къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, къыхэгъэщыпхъэщ зи гугъу тщIы лъабжьэужьхэм къагъэхъу ***ы:э*** макъзэблэхъур лэжьыгъэцIэхэм я лъэIэс, лъэмыIэс мыхьэнэхэм епхауэ, езы лъабжьэужьхэм ягъэлъагъуэ лъэныкъуэ мыхьэнэр гъэнэIуэнымкIэ дэIэпыкъуэгъу хъууэ къызэрыкIуэр.

***Зэрыгъуазэн псалъэхэр***: лэжьыгъэцIэ, лъабжьэужь, адыгэбзэ, макъзэблэхъу, лъабжьэпэ, лъабжьэ, гъэпсыкIэ зэхэлъ

***Цитатэ къызэрыхэпхынур***: Дзыгъуанэ Р.Хь. Лъабжьэужьхэу *-кI, -жьэ*-хэмкIэ лъабжьэпэншэу къэхъуа лэжьыгъэцIэ лъабжьэхэм щекIуэкI аблаут лIэужьыгъуэхэр // Вестник КБИГИ. 2023. № 1 (56). С. 56–63. DOI: 10.31007/2306-5826-2023-1-56-56-63

Original article

# ABLAUTH ALTERNATIONS CAUSED BY THE SUFFIXES *-KI* AND *-ЖЬЭ*, IN UNREVERBABLE VERBS KABARDINO-CIRCASSIAN LANGUAGE

***Rita Kh. Dzuganova***

Institute for the Humanities Research – Affiliated Federal State Budgetary Scientific Establishment «Federal Scientific Center «Kabardino-Balkarian Scientific Center of the Russian Academy of Sciences», Nalchik, Russia, dzug.rita@yandex.ru, https://orcid.org/0000-0003-0684-7600

© R.Kh. Dzuganov, 2023

***Abstract***. The aim of the study is to identify the functions of ablaut alternations occurring in the stems of unpreverb verbs built with the help of the suffixes –кI and –жьэ. A comprehensive analysis of the word-formation and morphonological possibilities of models with the indicated suffixes in the Kabardino-Circassian language is considered one of the urgent problems. The scientific novelty of this study lies in the identification of all morphonological, distributive, lexical and grammatical features of the group of verbs containing the suffixes –кI and –жьэ. The work uses the methods of synchronous, distributive and contextual analysis. Suffix morphemes combined into one group form dynamic verbs and can be part of transitive and intransitive verbs. All of them are associated with an indirect object, the indicator of which is the prefix йэ-(е)-. Of the local and directional preverbs, the studied suffixes can only be combined with the directional preverbs къ-, нэ-, explaining the direction of action. Studies have shown that non-preverb models with the suffix –кI can sometimes include the reciprocity affix зэ-. In such cases, the derived verb becomes one-person and appears in the plural. The analysis of the material made it possible to draw the following conclusions: the studied verbal suffixes have the same origin. They are formed from monosyllabic, connected roots (–кIы-, -жьэ-); the considered affixes can be included in the models both with the final vowel -е- and with the vocal ending -ы-. Moreover, in the root morpheme of derivative verbs, we always have one type of ablaut: ы:э. Analysis of the material showed that this type of ablaut is the most widespread in the language, although the specified morphonological process in the studied models has not yet been fully completed. In addition, alternations in ablaut, arising through the studied suffixal morphemes, can affect the transitivity or intransitivity of the verbal meaning, the latter complement, explain the direction of the verb.

***Keywords***: verb, suffix, Kabardino-Circassian language, ablaut, preverb, root, compound word

***For citation***: Dzuganova R.Kh. Ablaut alternations caused by suffixes -кI -жьэ in unpreverb verbs of the Kabardino-Circassian language. Vestnik KBIGI = KBIHR Bulletin. 2023; 1 (56): 56–63. (In Kabardino-Circassian). DOI: 10.31007/2306-5826-2023-1-56-56-63

Научная статья

## АБЛАУТНЫЕ ЧЕРЕДОВАНИЯ, ВЫЗВАННЫЕ СУФФИКСАМИ *-КI* И *-ЖЬЭ* В БЕСПРЕВЕРБНЫХ ГЛАГОЛАХ КАБАРДИНО-ЧЕРКЕССКОГО ЯЗЫКА

***Дзуганова Рита Хабаловна***

Институт гуманитарных исследований – филиал Федерального государственного бюджетного научного учреждения «Федеральный научный центр «Кабардино-Балкарский научный центр Российской академии наук», Нальчик, Россия, dzug.rita@yandex.ru, https://orcid.org/0000-0003-0684-7600

© Р.Х. Дзуганова, 2023

***Аннотация***. Целью исследования является выявление функций аблаутных чередований, происходящих в основах беспревербных глаголов, строящихся с помощью суффиксов *–кI* и *–жьэ.* Комплексный анализ словообразовательных и морфонологических возможностей моделей с указанными суффиксами в кабардино-черкесском языке считается одной из актуальных проблем. Научная новизна данного исследования заключается в выявлении всех морфонологических, дистрибутивных, лексических и грамматических особенностей группы глаголов, содержащих суффиксы *–кI* и *–жьэ.* В работе использованы методы синхронного, дистрибутивного и контекстуального анализа. Объединенные в одну группу суффиксальные морфемы

образуют динамические глаголы и могут входить в состав переходных и непереходных глаголов. Все они связаны с косвенным объектом, показателем которого является префикс ***йэ-(е)-.*** Из локальных и направительных превербов, исследуемые суффиксы могут сочетаться лишь с направительными превербами ***къ-, нэ-,*** поясняя направление действия. Исследования показали, что рассматриваемые беспревербные модели с суффиксом***–кI*** иногда могут включать в свой состав префикс возвратности ***зэ-,*** а модели с суффиксом ***-жьэ*** включают аффикс категории взаимности ***зэры-.*** В таких случаях производный глагол становится одноличным и выступает во множественном числе. Проведенный анализ материала позволил сделать еще следующие выводы: исследуемые глагольные суффиксы имеют одинаковое происхождение. Они образованы от односложных, связанных глагольных корней (***–кIы-, -жьэ-*** ); рассматриваемые аффиксы могут включаться в состав моделей как с конечным гласным ***-э-,*** так и с вокальным окончанием ***-ы-***. При этом в корневой морфеме производных глаголов мы имеем всегда один тип аблаута: ***ы:э.*** Анализ материала показал, что этот тип аблаута имеет наибольшее распространение в языке, хотя указанный морфонологический процесс в исследуемых моделях еще полностью не завершен. Кроме того, чередования по аблауту, возникающие посредством исследуемых суффиксальных морфем, могут влиять на переходность или непереходность глагольного значения, последние дополняют, поясняют направление действия глагола.

***Ключевые слова:*** глагол, суффикс, кабардино-черкесский язык, аблаут, преверб, корень, сложное слово

***Для цитирования***: Дзуганова Р.Х. Аблаутные чередования, вызванные суффиксами *-кI –жьэ* в беспревербных глаголах кабардино-черкесского языка // Вестник КБИГИ. 2023. № 1 (56). С. 56–63. DOI: 10.31007/2306-5826-2023-1-56-56-63

Адыгэбзэ лэжьыгъэцIэм лъабжьэужьхэу ***–кI***-мрэ ***–жьэ***-мрэ лъабжьэпэншэу лэжьыгъэцIэ куэд къагъэхъуф. Мы лъабжьэужьхэм зэгъусэу дыкIэлъыплъыныр къызыхэкIар ахэр я тхыдэ илъэныкъуэкIэ е грамматикэ илъэныкъуэкIэ зэрызэгъунэгъум имызакъуэу, гъэпсыкIэ зэхэлъ зиIэ лэжьыгъэцIэ къагъэхъухэм я лъабжьэ кIэухым зы ***ы:э*** макъзэблэхъу лIэужьыгъуэ къызэрыщыхъурщ.

Апхуэдэу адыгэбзэ лэжьыгъэцIэм лъабжьэужь зыбжанэ къыхэбгъэкI хъунущ лъабжьэ епхахэм къатекIауэ (Кумахов 1964: 142–143). А щIыкIэм тету къэхъуа лъабжьэужьхэм лъабжьэпэншэу гъэпсыкIэ зэхэлъ зиIэ лэжьыгъэцIэ куэд къагъэщI. БзэщIэныгъэлI Урыс Хь.Щ. и къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм къызэрыхэщымкIэ, лъабжьэ епхахэм къатекIа лъабжьэужьхэм дистрибуцэ щхьэхуэныгъэ гуэрхэр ягъэлъагъуэ (Урусов 1980: 56). Мы лэжьыгъэм и мурад нэхъыщхьэр лъабжьэужьхэу ***–кI***-мрэ ***–жьэ***-мрэ лъабжьэпэншэу къагъэхъуа лэжьыгъэцIэхэм яхэлъ щхьэхуэныгъэхэм дытепсэлъыхьынырщ. Абыхэм лексикэ, грамматикэ, морфонологие илъэныкъуэкIэ яIэ зэгъунэгъуагъхэм къыщымынэу, езыхэм ягъэлъагъуэ щхьэхуэныгъэхэми дыкъытеувыIэнущ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, зи гугъу тщIа щIыкIэм тету къэхъуа лэжьыгъэцIэхэм щхьэхуэныгъэ гуэрхэр ямыIэу къанэркъыми.

Лъабжьэужь ***–кI***-мкIэ къэхъуа лэжьыгъэцIэхэм я бжыгъэр куэд мэхъу, ар нэхъ къагъэсэбэпырейуэ щытщи япэ идгъэщынщ.

**Лъабжьэужь *–кI*.** Зи гугъу тщIы лъабжьэужьым лъабжьэпэншэу лэжьыгъэцIэ къегъэхъу, цIэхэми, лэжьыгъэцIэхэми къатекIхэу. Апхуэдэ лъабжьэужьхэр лэжьыгъэцIэ лъэIэсхэми, лъэмыIэсхэми къыщокIуэ. ГъэпсыкIэ зэхэлъ зиIэ лэжьыгъэцIэ гуп лъабжьэужь ***–кI***-мкIэ къэхъуахэм я лъабжьэ кIэухым ***ы:э*** зы аблаут лIэужьыгъуэщ щекIуэкIыр. Абыхэм псоми объект мыблагъэм (жыжьэм) и щхьэ Iэмал имыIэу хэтщ. Дызытепсэлъыхь лэжьыгъэцIэ гупыр тIууэ бгуэш хъунущ: лэжьыгъэцIэм къытекIарэ цIэхэм къатекIахэу.

ЛэжьыгъэцIэхэм лъабжьэужь ***–кI*** пыувэурэ къатекIа псалъэщIэхэм Iуэхугъуэр, щекIуэкI *щIыпIэр,* здэгъэза *лъэныкъуэр* ягъэбелджылы:

*а) и бгъумкIэ*: *е-плъэ-кIы-н* (и бгъумкIэ, лъэныкъуэкIэ плъэн), *е-IуэнтIэ-кIы-н* (зыгуэр лъэныкъуэкIэ егъэзэкIын), *е-дзэ-кIы-н* (зыгуэр и блэм едзын, и бгъумкIэ фIэдзэн). Щапхъэхэм зэхуеплъ:

*Лу тхылъым итыр гукIэ ищIэти, тхылъым еплъыным и пIэкIэ Чачэ дежкIэ* ***еплъэкIыурэ*** *къеджэрт* (КIыщокъуэ 2005а: 5I2).

*ШитI ешам яхуилъри, гъуэгу тIэкIум текIри, Бэлацэ лъэныкъуэкIэ* ***ириIуэнтIэкIащ*** (КIыщокъуэ 2005: 297).

*Абыхэм (гупым) япэIэщIэуи зы хъыджэбз Iэслъэс, чэсыргей бохуцей къуэлэн щыгъыу и Iэблэми цыплIэ гъуабжэ* ***едзэкIауэ*** *щытщ* (Адэмокъуэ 1986: 4).

*б) и щIыбагъымкIэ, зэпрыууэ: е-упцIэ-кIы-н* (зыгуэрым зыгуэр зэпрыууэ едзэкIын), *е-пхъэ-кIы-н* (зэкIэрыщэщ гуэрхэр лъэныкъуэкIэ е щIыбагъымкIэ пхъын), *е-пхъуэ-кIы-н* (и щIыбагъымкIэ зэпхъуэкIын), *е-Iэбэ-кIы-н* (и щIыбагъымкIэ Iэбэн). Щапхъэхэр:

*БэзэракIуэхэри лъэсу хэт джэд ихьу, хэт шатэ банкI и кIарзинкIэм къищу, хэти къэп и блыпкъым* ***еупцIэкIауэ****, хэти матэ къуаншэ иIыгъырэ и щхьэр фIэлэлу, шыд шуи яхэту макIуэ* (КIыщокъуэ 2006: 47I).

*...Хъалил зэуэ къыщылъэтри, къэхъуар имыщIэу, кIийуэ къыщIэжауэ и щIыбымкIэ* ***еIэбэкIт****, хьэблэр къигъэдаIуэу гъыт* (Гъуэщокъуэ 1973: 124).

*в) и хъуреягъкIэ*: *е-къузэ-кIы-н* (зыгуэр быдэу ихъуреягъкIэ епхэкIын), *е-уфэ-кIы-н* (зыгуэрым и хъуреягъкIэ зыгуэр кIэрылъхьэурэ щIэхъумэн), *е-шэ-кIы-н* (и хъуреягъкIэ зыгуэр зыгуэрым фIэшыхьын). Щапхъэ:

*Ланэ щахуэмыпсалъэкIэ кIэдетым ар щхьэцыкIэкIэ къыщIеш: Ланэ и щхьэцыгъуэ кIыхьыр и Iэ сэмэгум* ***ешэкIауэ****, и Iэ ижьым щIопщыр иIыгъырэ игъэпсалъэу* (Нало 1981: 56).

ГъэпсыкIэ зэхэлъ зиIэ лэжьыгъэцIэ *и хъуреягъкIэ* мыхьэнэ зиIэу къакIуэхэм лъэныкъуэ къэзыгъэлъагъуэ преверб ***къ-*** къапыувэу къэхъу лэжьыгъэцIэхэр куэдрэ синонимэгъу щызэхуэхъужи щыIэщ. Щапхъэхэм зэхуеплъ:

*Сэтэней мывэр къихьри цы Iуданэ плIащIэу* ***къришэкIри****...чейм ирилъхьащ* (Нарты 1974: 43).

*Кхъуэхьыпщэ и уэзджынэхэр уи шы сокум* ***къезблэкIынщ*** *(Сэтэней Сосрыкъуэ жриIэу)* (Нарты 1974: 64).

*Ибгъу лъэныкъуэмкIэ* зыгъэнаIуэ зэхэлъ гъэпсыкIэ зиIэ лэжьыгъэцIэхэм лъэныкъуэ зыгъэлъагъуэ преверб ***къ-*** къащыпыувэкIэ лэжьыгъэцIэм и мыхьэнэм зыщихъуэжи куэдрэ къохъу. Зэхуеплъ щапхъэхэм: *е-лъэфэ-кIы-н* (зыгуэр и бгъумкIэ лъэфын, лъэныкъуэкIэ Iулъэфын), ауэ *къ-е-лъэфэ-кIы-н* (адэкIэ-мыдэкIэ зыгуэр плъэфурэ къэкIухьын).*Адакъэ хужьыр щыжьэхэлъэм, Джэлил къапхъуэри инкубаторыкъуэ адакъэм и сыдж плъыжьыбзэр зыIэригъэхьэри еIэурэ-еIэурэ адакъэ хужьыр IумпIафIэ ищIауэ джэдкъазым ялъагъуу* ***къарешэкI, къарелъэфэкI****, и адакъагъэр здынэсыр зригъэщIэну* (КIыщокъуэ 2006а: 480–481).

Лъабжьэужь ***–кI-***мкIэ къэхъуа мы лэжьыгъэцIэ гупым, ар лэжьыгъэцIэм къытекIами, цIэм къытекIами, лъэныкъуэ преверб ***къ-*** къащыпыувэкIэ абы лъабжьэужьым и мыхьэнэр нэхъри игъэнаIуэу, игъэбелджылыуэ, абы дэIэпыкъуэгъу хуэхъууи къокIуэ. Щапхъэ: *е-уфэ-кIын* (зыгуэрым зыгуэр тепхъуауэ щIэхъумэн), ауэ *къ-е-уфэ-кIы-н* (зыгуэрым ихъуреягъкIэ зыгуэр тепхъуэн). Зэхуеплъ: *е-увэ-кIы-н* (зыгуэрхэр сатыру увын), ауэ *къ-е-увэ-кIы-н* (зыгуэрым и хъуреягъыр къэувыхьын).

*г) екIуэкIыу, зэкIэлъхьэужьу: е-увэ-кIы-н* (зэкIэлъыкIуэу увын), *е-щIэ-кIы-н* (екIуэкIыу зыгуэрхэр щIын), *е-тIысэ-кIы-н* (екIуэкIыу зыгуэрхэр тIысын), *е-гуэшэ-кIы-н* (екIуэкIыу, псори къызэщIиубыдэу зыщIыпIэ зыгуэрхэр гъэувын, гъэтIылъын). Щапхъэхэм зэхуеплъ:

*ЛIыщIэхэр утыкум къарагъэува пхъэбгъу Iэнэ кIыхьым* ***етIысэкIащ*** (Къашыргъэ 1976: 9).

*Ахэр* ***егуэшэкIащ*** *Мэзыкъуэ къуажэм ипщэIуэкIэ къалэм пэщылъ къуэнэфым* (Къашыргъэ 1976: 370).

ДызыкIэлъыплъ лэжьыгъэцIэхэм мыхьэнэ зэхьэкIа яIэуи къыщыкIуэ щыIэщ. Апхуэдэхэм деж ахэм *щIыпIэ, лъэныкъуэ* мыхьэнэхэр яфIокIуэд. Щапхъэ: *е-хулэ-*

*кIы-н* (напэм хэуэн), *е-удэ-кIы-н* (зыгуэрым гукъанэ хуэщIын, зыгуэр уи жагъуэ зэрыхъуар къегъэщIэн).

Лъабжьэужь ***–кI***-р щыIэцIэ, плъыфэцIэхэм япыувэурэ лэжьыгъэцIэ къэхъухэр зэрыгъэпса и лъэныкъуэкIэ адрей и пэкIэ дызытепсэлъыхьа лэжьыгъэцIэ гупым ещхьщ – лъабжьэ кIэухым къыщыхъу ***ы:э*** макъзэблэхъумкIи, объект мыблагъэм (жыжьэм) и щхьэ къэзыгъэлъагъуэ лъабжьэпэ ***йэ-(е-)***-м епхауэ зэрыщытымкIи. Ауэ цIэхэм къатекIа лэжьыгъэцIэхэм езым я щхьэхуэныгъэ яIэжщ. Ахэм щIыпIэ е лъэныкъуэ ягъэлъагъуэркъым. Лъабжьэужь ***–кI***-м и мыхьэнэ нэхъыщхьэр апхуэдэхэм деж фIокIуэдри, лэжьыгъэцIэр къызытекI псалъэпкъым и мыхьэнэм *щIэгъэхуабжьэныгъэ, егъэлеиныгъэ* мыхьэнэ хелъхьэ: *е-лъэгэ-кIы-н* (зыгуэрым нэхърэ нэхъ лъагэу щытын), *е-бжьыфIэ-кIы-н* (теплъэкIэ адрейм нэхърэ нэхъ дахэу, нэхъ бжьыфIэу щытын), *е-пщылIэ-кIы-н* (зыгуэрым хуабжьу еубзэн, егъэлеяуэ IухыщIыхь хуэщIын). Щапхъэхэм зэхуеплъ:

*Адакъэ хъунур джэдыкIэм ису маIуэ, жыхуаIэм хуэдэу, адакъэщIэр джэду пщIантIэм дэтым* ***ебжьыфIэкIыу,*** *адакъэ купрауз дахэшхуэ мэхъури, зыхэта бабыщ быным яхэмыхьэжыххэу и щхьэ закъуэ и лъакъуитIу хуиту пщIантIэм дэтщ…* (КIыщокъуэ 2006а: 479).

*Абы (азэнджапIэм) тету зуплъыхьмэ, къалэр зэрыкъалэу плъагъу дэнэ къэна, пащтыхьыр зыдэс пщIантIэшхуэм* ***йолъэгэкI*** (КIыщокъуэ 2006б: 376). ***Е***- объект мыблагъэм (жыжьэм) и щхьэ зыгъэлъагъуэ аффиксщ, ***-лъэгэ-***, ***-бжьыфIэ-*** – цIэхэм къатекIа лэжьыгъэцIэ лъабжьэхэщ, ***–кI-*** лэжьыгъэцIэ лъабжьэужьщ, ***-н*** – инфинитив гъэпсыкIэм и лъабжьэужьщ.

ЩыIэцIэхэм къатекIа лэжьыгъэцIэхэми лъэныкъуэ зыгъэлъагъуэ преверб ***къ-*** япоувэ, апхуэдэхэм деж лъэныкъуэ гъэлъэгъуэн мыхьэнэр лъабжьэужьым фIокIуэдри, езы псалъитIри синонимэгъу зэхуохъуж. Щапхъэхэм зэхуеплъ: *е-хьэлъэ-кIы-н* е *къ-е-хьэлъэ-кIы-н* (зыгуэрым хуабжьу зыгуэр къытехьэлъэн, хьэлъэу къыщыхъун); *е-пщылIэ-кIы-н* е *къ-е-пщылIэ-кIы-н* (зыгуэрым егуэпэкIыу, еуфэфэкIыу щытын). Щапхъэ: *Ауэ абы (пщым) гуащэм екIи фIыкIи зыкъримыгъащIэу япэхэм хуэдэу къедэхащIэу,* ***къепщылIэкIыу*** *щытщ* (Къашыргъэ 1976: 146).

Зыгъэзэж категорэм и префикс ***зэ-*** дызыкIэлъыплъ лэжьыгъэцIэ гупым щапыувэр лэжьыгъэр *и хъуреягъкIэ* е *и щIыбымкIэ* къыщыхъухэм дежщ. Щапхъэ: *зэ-пхъуэ-кIы-н* (и щIыбагъымкIэ пхъуэн), *зэ-убгъуэ-кIы-н* (зыгуэр уи хъуреягъкIэ еубгъуэкIын), *зэ-шэ-кIы-н* (зыгуэр уи хъуреягъкIэ ешэкIын). Щапхъэхэр:

*Цейр* ***зриубгъуэкIыу*** *пщыIэм къыщIэкIыу ар (Исмел) дунейм къыщытехьам, Нэхущвагъуэр ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ къыщылыдырт* (Теунэ 1980: 46).

*Гулэз IэлъэщI* ***зрешэкIри*** *Исмел къагъуэтыну щIокIхэр* (Елгъэр 1976: 67).

Дызытепсэлъыхь лэжьыгъэцIэ гупым лъабжьэужь ***–кI***-мрэ ***ы:э*** макъзэблэхъумрэ нэгъуэщI зы къалэни щагъэзащIэ. Ахэм гъэпсыкIэ зэхэлъ зиIэ хъуа лэжьыгъэцIэм и щхьэ бжыгъэм объект мыблагъэм (жыжьэм) и щхьэр къыхагъахъуэ. Щапхъэхэм зэхуеплъ: *ахэр мэув* (*ув**ы**-н*) (зы щхьэ зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсщ), ауэ *ахэр абы йо-увэ-кI* (щхьитI зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсщ); *абы ар е-къуз* (*къуз**ы**-н*) (щхьитI зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсщ), ауэ *абы ар абы и-ре-къузэ-кI* (щхьищ зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсщ).

**Лъабжьэужь *–жьэ.*** Лъабжьэужь ***–жьэ-м*** лъабжьэпэншэу лэжьыгъэцIэ хьейхэр къегъэхъу лэжьыгъэцIэхэм къатекIхэу. Ар лъэIэс мыхьэнэ зиIэ лэжьыгъэцIэхэми, лъэмыIэс мыхьэнэ зиIэхэми къыщокIуэ. Лъабжьэужь ***–жьэ***-м апхуэдэ лэжьыгъэцIэхэм *япэкIэ кIуэн, лэжьыгъэм щIидзэн* мыхьэнэщ хилъхьэр (Дзуганова 2002: 90). Щапхъэхэм зэхуеплъ: *е-жэ-жьэ-н* (и пIэм ижауэ щIэпхъуэн), *е-шэ-жьэ-н* (и пIэм ишауэ, зыщIыпIэкIэ шэн), н.къ. ***Е***-р объект мыблагъэм и щхьэ къэзыгъэлъагъуэ лъабжьэпэщ, ***-жэ-***, ***-шэ-*** – лэжьыгъэцIэ лъабжьэхэщ, ***-жьэ*** – лэжьыгъэцIэ лъабжьэужьщ, ***-н*** – инфинитив гъэпсыкIэм и лъабжьэужьщ. Щапхъэхэм зэхуеплъ:

*Сэ схуэдэу уэри бгы лъабжьэм КъыщIэж псы щIыIэм и дежым Шыбз гуартэ блахумэ* ***уежажьэу,*** *Къилъэтырт уи гур пIейтейуэ* (КIыщокъуэ 2004: 89).

*Иужьым и шуудзэ къуэгъэнапIэ къуэтыр* ***иришажьэри*** *(Къарэмырзэ) топышэмрэ бомбэмрэ ягъэундэрэщхъуа бийм «уэхьэхьей-уэтэтей» жаIэу ятеуащ* (КIыщокъуэ 2006в: 411).

Лъабжьэужь ***-жьэ***-р лэжьыгъэцIэхэм щапыувэкIэ лъабжьэ кIэухым ***ы:э*** макъзэблэхъу куэдрэ къыщохъу. Зэхуеплъ: *лъэф**ы**-н* (щIым зэрытелъу зыгуэр гъэIэпхъуэн), ауэ *е-лъэф**э**-жьэ-н* (зыгуэр плъэфурэ хьын, шэн); *хь**ы**-н* (IэкIэ пIыгъыу зыгуэр зыщIыпIэ гъэIэпхъуэн), ауэ *е-хь**э**-жьэ-н* (зыгуэр зыщIыпIэ пхьыну ежьэн). Щапхъэхэм зэхуеплъ:

*Астемыр зыри жимыIэу шым шэсыну щыбгъэдыхьэм, емылыджым лIитIри лъэдакъэкIэ игъавэу* ***ирилъэфэжьауэ*** *илъэфу хуежьащ, арщхьэкIэ аргуэру зэ дэлъеигъуэм лIыр уанэгум къихутащ* (КIыщокъуэ 2005: 164).

*Хьэмбылур зы джэдым* ***ирихьэжьэмэ,*** *адрейхэр кIэлъыжэрт къытрахын я гугъэу, арщхьэкIэ езыхьэжьам жэрыжэм тету иригъэлъэтэхырти, псори зэгъусэу адакъэм дежкIэ къагъэзэжырт* (КIыщокъуэ 2006а: 479–480).

Лъабжьэужь ***–жьэ***-кIэ къэхъуа гъэпсыкIэ зэхэлъ зиIэ дызыкIэлъыплъ лэжьыгъэцIэ гупым мыхьэнэбэ яIэ хъуауэ куэдрэ урохьэлIэ. Апхуэдэу *ехужьэн* лэжьыгъэцIэм мыхьэнэ зыбжанэ игъуэтащ (1. зыгуэрхэр шынагъэкIэ Iугъэжын; 2. зыгуэрхэр уздыхуеймкIэ гъэкIуэн). Щапхъэхэм зэхуеплъ:

*Саримэ щашам Тинэ хъыджэбз цIыкIу дыдэт, щIалэ цIыкIухэр зэгуигъэпрэ* ***ирахужьэмэ,*** *жыгым джэдум ещхьу дэпщеинти, кIэлъыдэкIуейIамэ, зы жыгым къемыхыу адрейм зридзырти къыхуэмыубыду ежьэжырт* (КIыщокъуэ 2005а: 662).

*Ахэр (шкIэхэр)* ***есхужьэу*** *(Салихь) угъуеипIэм сыщынэсам, Щамел шкIэ хъушэ иугъуеигъэххэу сыхуэзащ* (Брат 1988: 86).

Апхуэдэу мыхьэнэбэ игъуэтащ *е-хьэ-жьэ-н* (зыгуэр и пIэм ихауэ гъэIэпхъуэн) гъэпсыкIэ зэхэлъ зиIэ лэжьыгъэцIэми. Щапхъэхэм зэхуеплъ:

*Къытэ пэгуным дэп ирилъхьэри зигъэхуабэу щысти, хьэхэр банэри IукIауэ жьым хъуаскIэ* ***ирихьэжьэу*** *мэкъум хидза е нэгъуэщI* (КIыщокъуэ 2007: 75).

*«Бахъсэн событкIэ» еджэу а къэхъуам бэлыхьышхуэ къибгъэкIын хуэдэуи щытакъым, арщхьэкIэ, Къалмыкъ БетIал зэреплъымкIэ, къигъэкIын хуейт, уеблэмэ хэIущIыIу щIын дэнэ къэна, и хъыбарыр* ***ехьэжьэн*** *хуеят: Совет властыр якъутэжыну Ислъэмей къуажэр хуежьат, жаIэу* (КIыщокъуэ 2006г: 525).

Япэ щапхъэм лъабжьэужь ***–жьэ***-м и мыхьэнэм зимыхъуэжами, етIуанэм наIуэ дыдэу а мыхьэнэр къыхэщыжкъым. Бзэм зэрызиужьым и щыхьэтщ, дызыкIэлъыплъ гъэпсыкIэ зэхэлъ зиIэ лэжьыгъэцIэм мыхьэнэ зэхьэкIа иIэ зэрыхъуар: Iуэхур зытетыр умыщIэу хьэжэпхъэжэн; уемыгупсысу зыгуэр пщIэну ухэтын мыхьэнэ зэхьэкIахэр зэригъуэтар.

Лъабжьэужь ***–жьэ*** зыхэт лэжьыгъэцIэ гупым зэщIыгъуныгъэ категорэм и аффикс *зэры-* пыувэу къокIуэ. Щапхъэ: *Уэлбанэрилэм зигу зэщигъэуа цIыкIухэм я гуапэ ар хъуауэ* ***зэрехьэжьэхэри*** *елъэдэкъауэу къуажэм зэрыдэхащ* (Теунэ 1980: 12).

ИпэкIэ дызытепсэлъыхьа гъэпсыкIэ зэхэлъ зиIэ лэжьыгъэцIэ гупым ещхьу, лъабжьэужь ***-жьэ***-р зыхыхьэ лэжьыгъэцIэ къытекIахэми префикс ***йэ-(е-)***-р поувэ. Мыхэри объект мыблагъэм епхащ, ар хэмыту къакIуэркъым. ЩапхъэхэмкIэ зэхуеплъ: *е-джэгуэ-жьэ-н* (джэгуурэ ежьэн, джэгум дихьэхын), *е-цIывэ-жьэ-н* (жэкIэ зичын, щIэпхъуэн) ауэ *е-джэгуэ-н, е-цIывэ-н* щыIэкъым.

ГъэщIэгъуэнщ лъабжьэужь ***-жьэ***-мрэ ***ы:э*** макъзэблэхъумкIэ къэхъуа мы лэжьыгъэцIэ гупым яхэлъ щхьэхуэныгъэр: ахэр къызытекIахэр лэжьыгъэцIэ лъэIэсми, лъэмыIэсми лъабжьэпэ ***йэ-(е-)***-р япоувэ. АрщхьэкIэ апхуэдэ лэжьыгъэцIэхэм я щхьэ бжыгъэм зихъуэжыркъым. Зэхуеплъ: *абы ар е-шэ//абы ар ире-ша-жьэ* (щхьитI зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсщ); *ар ма-жэ// ар йо-жа-жьэ* (зы щхьэ зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсщ).

Къэбэрдей псэлъэкIэм зы лэжьыгъэцIэ закъуэ и лъабжьэ кIэухым макъзешэ ***ы***-р къыщызэтенауэ дрохьэлIэ. Зэлъыт: *тхъу(**ы**)-н* (зэкIэрыху, зэкIэрыщэщ гуэрхэр бел, хьэнцэ сыткIэ щIым зэрытелъым хуэдэу гъэIэпхъуэн, лъэфын), е *е-тхъу(**ы**)-жьэ-н* (зыгуэр тхъууэ щIэдзэн). Шэрджэс псэлъэкIэм дызыкIэлъыплъ гъэпсыкIэ зэхэлъ зиIэ лэжьыгъэцIэхэм я лъабжьэ кIэухым пыт макъзешэ ***ы***-р нэхъыбэрэ хъума щыхъуауэ хыдолъагъуэ.

Зэхуеплъ шэрджэс псэлъэкIэм и щапхъэхэм: *пщ**ы**-н* (ущылъу, IэпкълъэпкъпсомкIи узэдэIэпыкъуэжурэ кIуэтэн), ауэ *е-пщ**ы**-жьэ-н* (пщыуэ щIэдзэн); *пхъ**ы**-н* (зыкIэрыщэщ гуэр бдзыуэрэ ипкъухьын), ауэ *е-пхъ**ы**-жьэн* (зыгуэр зэбгрыдзын), н.къ.

Къэхутэныгъэ едгъэкIуэкIам къызэригъэлъэгъуамкIэ, зи гугъу тщIы лъабжьэужьхэм лэжьыгъэцIэ лъабжьэхэм ***ы:э*** макъзэблэхъу лIэужьыгъуэр нэхъыбэу щокIуэкIыр. Лъабжьэужь ***–жьэ*** зыпыувэ лэжьыгъэцIэ закъуэ-тIакъуэхэм я лъабжьэ кIэухыр хъумауэ къызэрыхэщым къыдегъащIэ, псори зы аблаут лIэужьыгъуэ ***ы:э*** хуэкIуэныр иджыри бзэм зэрыщызэфIэмыкIар.

## ТегъэщIапIэхэр
## Список источников


Адэмокъуэ 1986 – *Адэмокъуэ М.* НатIэм итхар. Черкесск: Ставрополь тхылъ тедзапIэ. Къэрэшей-Шэрджэс отделенэ, 1986. 192 н.

Брат 1988 – *Брат Хь.М.* Ди жьэгум мафIэ щыблэжынщ. Черкесск: Ставрополь тхылъ тедзапIэ. Къэрэшей-Шэрджэс отделенэ, 1988. 312 н.

Гъуэщокъуэ 1973 – *Гъуэщокъуэ Хъу.* Адэмрэ и къуэмрэ. Черкесск: Ставрополь тхылъ тедзапIэ. Къэрэшей-Шэрджэс отделенэ, 1973. 383 н.

Дзуганова 2002 – *Дзуганова Р.Х.* Суффиксальные глаголы в кабардино-черкесском языке. Нальчик: Издательство КБНЦ РАН, 2002. 115 с.

Елгъэр 1976 – *Елгъэр К.М.* Ухеймэ улъэщщ. Налшык: Эльбрус, 1976. 348 н.

Кумахов 1964 – *Кумахов М.А.* Морфология адыгских языков. М.–Нальчик: Кабардино-Балкарское книжное издательство, 1964. 272 с.

Къашыргъэ 1976 – *Къашыргъэ Хь.Хь.* ПшэкIухь. Налшык: Эльбрус, 1976. 378 н.

КIыщокъуэ 2004 – *КIыщокъуэ А.П.* Шум и гъуэгу // Тхыгъэхэр томихым щызэхуэхьэсауэ. Т. 1. Налшык: Эльбрус, 2004. 512 н.

КIыщокъуэ 2005 – *КIыщокъуэ А.П.* Хъуэпсэгъуэ нур // Тхыгъэхэр томихым щызэхуэхьэсауэ. Т. 2. Налшык: Эльбрус, 2005. 488 н.

КIыщокъуэ 2005а – Мазэ ныкъуэ щхъуантIэ // Тхыгъэхэр томихым щызэхуэхьэсауэ. Т. 3. Налшык: Эльбрус, 2005. 752 н.

КIыщокъуэ 2006 – *КIыщокъуэ А.П.* МелыIыч // Тхыгъэхэр томихым щызэхуэхьэсауэ. Т. 5. Налшык: Эльбрус, 2006. 552 н.

КIыщокъуэ 2006а – *КIыщокъуэ А.П.* Бабыщыкъуэ адакъэпщ // Тхыгъэхэр томихым щызэхуэхьэсауэ. Т. 5. Налшык: Эльбрус, 2006. 552 н.

КIыщокъуэ 2006б – *КIыщокъуэ А.П.* Кхъэлэгъунэ // Тхыгъэхэр томихым щызэхуэхьэсауэ. Т. 5. Налшык: Эльбрус, 2006. 552 н.

КIыщокъуэ 2006в – *КIыщокъуэ А.П.* Лыгъэ // Тхыгъэхэр томихым щызэхуэхьэсауэ. Т. 5. Налшык: Эльбрус, 2006. 552 н.

КIыщокъуэ 2006г – *КIыщокъуэ А.П.* Зи лъэрыгъыпс тIыгъа // Тхыгъэхэр томихым щызэхуэхьэсауэ. Т. 5. Налшык: Эльбрус, 2006. 552 н.

КIыщокъуэ 2007 – *КIыщокъуэ А.П.* Алъхъо // Тхыгъэхэр томихым щызэхуэхьэсауэ. Т. 6. Налшык: Эльбрус, 2007. 544 н.

Нало 1981 – *Нало З.М.* Къру закъуэ. Налшык: Эльбрус, 1981. 400 н.

Нарты 1974 – *Нарты.* М.: Наука, 1974. 415 с.

Теунэ 1980 – *Теунэ Хь.И.* Шэджэмокъуэ лъэпкъыр. Налшык: Эльбрус, 1980. 568 н.

Урусов Х.Ш. Морфемика адыгских языков. Нальчик: Эльбрус, 1980. 402 с.


## References


ADEMOK"UE M. *NatIem itkhar* [What is destined]. Cherkessk: Stavropol' tkhyl" tedzapIe. K"ereshei-Sherdzhes otdelene, 1986. 192 n. (In Kabardino-Circassian)

BRAT Kh'.M. *Di zh'egum mafIe shchyblezhynshc*h [And we will light a fire in the hearth]. Cherkessk: Stavropol' tkhyl" tedzapIe. K"ereshei-Sherdzhes otdelene, 1988. 312 n. (In Kabardino-Circassian)

G"UESHCHOK"UE Kh"u. *Ademre i k"uemre* [Father and son]. Cherkessk: Stavropol' tkhyl" tedzapIe. K"ereshei-Sherdzhes otdelene, 1973. 383 n. (In Kabardino-Circassian)

DZUGANOVA R.Kh. *Suffiksal'nye glagoly v kabardino-cherkesskom yazyke* [Suffixal verbs in the Kabardino-Circassian language]. Nal'chik: Izdatel'stvo KBNTs RAN, 2002. 115 s. (In Russian)

ELG"ER K.M. *Ukheime ul"eshchshch* [If innocent, strong]. Nalshyk: El'brus, 1976. 348 n. (In Kabardino-Circassian)

KUMAKHOV M.A. *Morfologiya adygskikh yazykov* [Morphology of the Adyghe languages]. M.-Nal'chik: KabardinoBalkarskoe knizhnoe izdatel'stvo, 1964. 272 s. (In Russian)

K"ASHYRG"E Kh'.Kh'. *PshekIukh'* [Halo]. Nalshyk: El'brus, 1976. 378 n. (In Kabardino-Circassian)

KIYSHCHOK"UE A.P. *Shum i g"uegu* [Road rider]. IN: Tkhyg"ekher tomikhym shchyzekhuekh'esaue. T. 1, Nalshyk: El'brus, 2004. 512 n. (In Kabardino-Circassian)

KIYSHCHOK"UE A.P. *Kh"uepseg"ue nur* [Wonderful moment]. IN: Tkhyg"ekher tomikhym shchyzekhuekh'esaue. T. 2. Nalshyk: El'brus, 2005. 488 n. (In Kabardino-Circassian)

KIYSHCHOK"UE A.P. *Maze nyk"ue shchkh"uantIe* [Green crescent]. IN: Tkhyg"ekher tomikhym shchyzekhuekh'esaue. T. 3. Nalshyk: El'brus, 2005. 752 n. (In Kabardino-Circassian)

KIYSHCHOK"UE A.P. *MelyIych* [Angel]. IN: Tkhyg"ekher tomikhym shchyzekhuekh'esaue. T. 5. Nalshyk: El'brus, 2006. 552 n. (In Kabardino-Circassian)

KIYSHCHOK"UE A.P. *Babyshchyk"ue adak"epshch.* IN: Tkhyg"ekher tomikhym shchyzekhuekh'esaue. T. 5. Nalshyk: El'brus, 2006. 552 n. (In Kabardino-Circassian)

KIYSHCHOK"UE A.P. *Kkh"eleg"une* [Tomb]. IN: Tkhyg"ekher tomikhym shchyzekhuekh'esaue. T. 5. Nalshyk: El'brus, 2006. 552 n. (In Kabardino-Circassian)

KIYSHCHOK"UE A.P. *Lyg"e* [Flame]. IN: Tkhyg"ekher tomikhym shchyzekhuekh'esaue. T. 5. Nalshyk: El'brus, 2006. 552 n. (In Kabardino-Circassian)

KIYSHCHOK"UE A.P. *Zi l"eryg"yps tIyg"a* [Whose belt was being held]. IN: Tkhyg"ekher tomikhym shchyzekhuekh'esaue. T. 5. Nalshyk: El'brus, 2006. 552 n. (In Kabardino-Circassian)

KIYSHCHOK"UE A.P. *Al"kh"o* [Alho]. IN: Tkhyg"ekher tomikhym shchyzekhuekh'esaue. T. 6. Nalshyk: El'brus, 2007. 544 n. (In Kabardino-Circassian)

NALO Z.M. *K"ru zak"ue* [Lonely crane]. Nalshyk: El'brus, 1981. 400 n. (In Kabardino-Circassian)

*Narty* [Sled]. M.: Nauka, 1974. 415 s. (In Kabardino-Circassian)

TEUNE Kh'.I. *Shedzhemok"ue l"epk"yr* [Genus Shogemukov]. Nalshyk: El'brus, 1980. 568 n. (In Kabardino-Circassian)

URUSOV Kh.Sh. *Morfemika adygskikh yazykov* [Morphemics of the Adyghe languages]. Nal'chik: El'brus, 1980. 402 s. (In Russian)

## Информация об авторе

**Р.Х. Дзуганова –** доктор филологических наук, ведущий научный сотрудник сектора кабардино-черкесского языка.

## Information about the author

**R.Kh. Dzuganova** – Doctor of Science (Philology), Leading Researcher of the Kabardino-Circassian Language Sector.

Статья поступила в редакцию 14.03.2023; одобрена после рецензирования 23.03.2023; принята к публикации 29.03.2023.

The article was submitted 14.03.2023; approved after reviewing 23.03.2023; accepted for publication 29.03.2023.